POLK COUNTY
PUBLIC SCHOOLS

BOARD MEMBERS

Justin Sharpless
Board Chair
District 6

Travis L. Keyes
Board Vice-Chair
District 2

Dr. William Allen
District 1

Kate Wallace
District 3

Sara Beth Wyatt
District 4

Kay Fields
District 5

Lisa Miller
District 7

James Greene
General Counsel

ADMINISTRATION

Frederick R. Heid
Superintendent

11 Out 2026

Chè Fanmi,

Kòm paran yon elèv ki ale nan yon lekòl Title I, ou gen dwa pou konnen kalifikasyon pwofesè yo ak anplwaye enstriksyonèl ki travay avèk pitit ou a. Lekòl Leta Polk County ap bay enfòmasyon sa a sou demann.

Ou ka mande enfòmasyon sou pwofesè klas pitit ou a, ki gen ladan:

- Zòn sètifikasyon Florid (yo)
- Kit pwofesè a sètifye oswa otreman kalifye pou matyè a (yo) anseye.
- Si pwofesè a te satisfè kondisyon eta a pou nivo klas ak zòn matyè anseye
- Si pwofesè a ap anseye anba yon sètifika tanporè, ijans oswa lòt sètifika pwovizwa, oswa gen mwens pase kat ane eksperyans ansèyman.
- Si pwofesè a te resevwa yon klasman pèfòmans an jeneral Ensatisfezan

Ou kapab mande tou enfòmasyon sou kalifikasyon nenpòt parapwofesyonèl enstriksyonèl ki bay pitit ou sèvis yo.

Y ap avize w alekri si se pwofesè ki pa satisfè kondisyon sètifikasyon oswa lisans leta aplikab yo ki anseye pitit ou pou kat oswa plis semèn youn apre lòt.

Paran yo ka mande enfòmasyon tou sou evalyasyon eta ak distri yo, ki gen ladan objektif yo, kondisyon patisipasyon yo, règleman eta oswa distri ki aplikab, orè tès yo, epi lè rezilta yo disponib. Enfòmasyon sou evalyasyon distri ak eta yo ka jwenn sou Kalandriye Evalyasyon Inifòm Lekòl Leta Polk County nan: www.polkschoolsfl.com/quicklinks/testingcalendar.

Enfòmasyon sou pèfòmans pitit ou nan evalyasyon akademik eta a disponib atravè lekòl pitit ou a.

Polk County Public Schools angaje l bay chak elèv yon edikasyon kalite siperyè. Si ou ta renmen nenpòt nan enfòmasyon ki dekri pi wo a, tanpri kontakte lekòl pitit ou a.

Sensèman

Frederick R. HeidSipèentandan

STUDENTS FIRST

1915 S. Floral Ave.
Bartow, FL 33830

P.O. Box 391
Bartow, FL 33831

863-534-0500

polkschoolsfl.com